

Enfòmasyon libète kondisyonèl pou Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen ak Venezyelyen (CHNV) nan New Jersey

Fèy enfòmasyon sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Fèy enfòmasyon sa a **pa bay konsèy legal** epi li pa ranplase asistans pwofesyonèl legal ki kalifye. Sitiyasyon chak moun diferan. Tanpri konsilte yon avoka pou konsèy legal sou sitiyasyon ou a.

Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ap kontinye ak pwosesis pou mete fen nan tout estati libète kondisyonèl ki poko ekspire anba pwogram CHNV a. Gade [Alèt DHS](#) 6 janvye 2025.

DHS te [fè konnen](#) ke moun fen pwogram nan afekte yo deja resevwa oswa yo pral resevwa yon notifikasyon nan kont myUSCIS yo oswa pa imèl. Gade [Piblikasyon DHS](#) 12 janvye 2025. inikasyon sa yo gendwa adrese fen estati libète kondisyonèl CHNV yon moun, epi yo gen entansyon mete fen tou nan nenpòt pèmi travay ki toujou aktif e ki te deja jwenn sou baz estati moun nan kòm yon moun ki sou pwogram libète kondisyonèl CHNV.

Apati 1 novanm 2025, moun ki sou libète kondisyonèl CHNV yo ki pèdi estati yo ka atann bagay sa yo:

- **Pèmi Travay Revoke:** DHS adote pozisyon ke moun ki pèdi estati libète kondisyonèl CHNV yo pa ka konte sou pèmi travay yo te jwenn anrapò ak estati CHNV yo pou yo kontinye travay.
- **Si yon moun ki sou libète kondisyonèl CHNV gen yon aplikasyon ki ap tann desizyon:**
 - Nenpòt moun ki te sou libète kondisyonèl anba CHNV e ki pèdi estati li, men ki deja depoze aplikasyon pou yon lòt estati imigrasyon, tankou yon aplikasyon azil ki ap tann desizyon, ka elijib pou chèche lòt benefis imigrasyon segondè (ki gen ladan pèmi travay) pandan aplikasyon li a ap revize pa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS).
 - Aplikasyon moun ki antre Ozetazini sou libète kondisyonèl anba CHNV soumèt yo ka toujou sibi plis verifikasyon nan men ofisye imigrasyon yo.
 - Moun ki te sou libète kondisyonèl anba CHNV e ki pèdi estati yo, men ki gen yon aplikasyon ki ap tann desizyon devan USCIS pou yon lòt estati oswa benefis imigrasyon, yo ankouraje pou yo swiv pwogrè dosye yo epi pou yo konsève nenpòt dokiman gouvènman bay ki montre gen yon aplikasyon ki ap tann desizyon (pa egzanp, nenpòt Fòm I-797C Avi Aksyon ki konfime USCIS resevwa yon demann oswa yon petisyon imigrasyon).

Moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV yo ki pa kite Etazini:

Priorite pou Depòtasyon: [Avi mwa mas 2025](#) la ki te anonse entansyon pou mete fen nan pwogram CHNV a konfime ke tout moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki pa t kite Ozetazini epi ki pa gen yon lòt baz legal pou rete nan peyi a, DHS ap konsidere yo kòm sib pou yon depòtasyon rapid. Gen kèk moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki ekspozè ak plis risk pou yo vin 'priorize' pou depòtasyon, avèk oswa san aksè ak pwosesis tribinal imigrasyon an.

Moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki pa gen yon aplikasyon k ap tann desizyon pou yon lòt estati:

Avi mwa mas 2025 la te bay enstriksyon pou DHS priorize pou depòtasyon moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki (i) pa t 'fè depo aplikasyon an kòrèkteman,' anvan 25 mas 2025, yon aplikasyon pou benefis imigrasyon (ak frè ki apwopriye oswa dispans frè) pou jwenn yon lòt estati imigrasyon, epi (ii) ki pa t benefisyè yon petisyon pou benefis imigrasyon yon lòt moun te depoze pou yo (tankou yon mari oswa madanm, yon fiyans oswa yon anplwayè).

Moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki gen yon aplikasyon ki ap tann desizyon pou yon lòt estati:

- Pou kounye a, li pa klè si DHS kontinye priyorize depòtasyon moun ki gendwa te depoze kòrèkteman aplikasyon pou benefis imigrasyon apre dat limit mas 2025 la.
- Nou pa konnen egzakteman sa ki konstitye yon "yon depo aplikasyon ki byen fèt" pou yon benefis imigrasyon. Nou ankouraje moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV yo pou yo kenbe prè ki montre yo gen yon aplikasyon ki ap tann desizyon devan USCIS (pa egzanp, nenpòt Fòm I-797C Avi Aksyon ki konfime USCIS resevwa yon aplikasyon oswa yon petisyon imigrasyon). Moun ki sou libète kondisyonèl anba CHNV ki gen mwens pase 2 zan Ozetazini: Yo gendwa vin pi vilnerab devan mezi aplikasyon lwa imigrasyon paske yo sijè a yon pwosedi depòtasyon akselere, yon pwosesis ki pèmèt depòtasyon san dwa pou pale ak yon avoka oswa parèt devan yon jij imigrasyon.
- **Entèvyou sou Krent Kredib:** Si ou pè retounen nan peyi ou, ou ka fè konnen krent ou lè w ap kominike ak yon ofisye imigrasyon, ki ap oblije voye ou pou yon Entèvyou sou Krent (CFI). Si pandan entèvyou sa a (ki ka fèt pa telefòn) yon ofisye azil jwenn ou demontre yon krent ki kredib, lòd depòtasyon akselere a ka anile epi ou ka jwenn aksè ak pwoteksyon ki disponib nan pwosedi depòtasyon nòmal yo.



Resous Disponib pou Tout Moun, Kèlkeswa Estati Imigrasyon

Tout lòt moun ki ka pèdi estati libète kondisyonèl yo ka elijib pou lòt resous kèlkeswa estati imigrasyon yo genyen kounye a.

Èd ak Sipò Disponib

Kote pou aplike pou jwenn asistans

Timoun ki pa ko gen 19 ane gendwa aplike pou **NJ FamilyCare** kelkeswa estati imigrasyon yo.

Aplike anliy sou www.njfamilycare.org

Asistans alimantè ak nitrisyon pou fanm ansent ak timoun jiska 5 an – **Pwogram Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC)**

Aplike atravè ajans lokal, jwenn lis la sou www.nj.gov/health/fhs/wic/participants/apply-wic/

Sante Mantal ak Sipò Emosyonèl

Rele **1-866-202-4357** pou pale ak pwofesyonè ki resevwa fòmasyon pou sa

Asistans Legal

Pou yon lis avoka imigrasyon ki toupre w, ale sou <https://www.justice.gov/eoir/file/probonofulllist/dl>

i Benefis ak Sèvis Disponib pou CHE yo

Pou moun ki se sitwayen Kiben oswa Ayisyen, ou ka toujou elijib pou benefis ak sèvis prensipal yo kòm yon Antre Kiben ak Ayisyen (“CHE”) si ou satisfè kritè sa yo :

Ou ka kalifye kòm yon Antre Kiben-Ayisyen si ou se yon sitwayen Kiben oswa Ayisyen, epi:

- 1) Akòde estati libète kondisyonèl kòm yon Antre Kiben-Ayisyen;
- 2) oswa w ap fè fas ak yon pwosedi depòtasyon (pou moun ki poko resevwa okenn desizyon final, ki pa kapab fè apèl ankò e ki gen fòs legal pou egzekite depòtasyon oswa eksklizyon an);
- 3) oswa avèk yon aplikasyon azil k ap tann desizyon.

Pou plis enfòmasyon sou kategori CHE yo ak egzanp dokiman yo, vizite:

<https://www.uscis.gov/save/resources/information-for-save-users-cuban-haitian-entrants>

CHE yo ka elijib pou benefis regilye gouvènman an, tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF) ak Medicaid. Sonje byen, lè yon moun kalifye kòm “Antre Kiben-Ayisyen” sa gen enpak sou kalifikasyon pou benefis, men li pa bay okenn estati imigrasyon. Tèm nan pa gen okenn rapò ak estati libète kondisyonèl anba CHNV, epi **Avi DHS 25 Mas 2025 ki mete fen nan pwogram CHNV a pa gen okenn enpak sou kalifikasyon CHE yo pou benefis prensipal yo.**

Èd ak Sipò Disponib	Kote pou aplike pou jwenn asistans
Asistans Lajan Kach pou Refijye (RCA) - Asistans Lajan Kach pou moun ki pa gen timoun sou kont yo	Tanpri kontakte pwogram RCA ki pi pre ou a. Vizite Sitwèb ONA a pou yon founisè sèvis: https://www.nj.gov/humanservices/njnewamericans/programs/refugees/agencies/
Asistans Alimantè – NJSNAP	Aplike anliy oswa atravè ajans sèvis sosyal konte lokal ou. Aplikasyon yo ak yon lis biwo lokal disponib sou www.njsnap.gov . Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon SNAP ak fen pwogram CHNV la, gade isit la: https://www.fns.usda.gov/snap/admin/further-guidance-termination-chnv-parole-programs
Asistans Lajan Kach ak Lwaye pou Fanmi ki gen Timoun – TANF	Aplike anliy sou www.mynjhelps.gov oswa atravè ajans sèvis sosyal konte lokal ou.
Kouvèti Asirans Sante NJ FamilyCare (Medicaid)	Aplike anliy sou www.njfamilycare.org

Asistans alimantè ak nitrisyon
pou fanm ansent ak timoun jiska
5 an – **Pwogram Fanm, Tibebe
ak Timoun (WIC)**

Aplike pa mwayen yon ajans lokal. Lis ajans yo disponib sou
www.nj.gov/health/fhs/wic/participants/apply-wic/

**Sante Mantal ak Sipò
Emosyonèl**

Rele **1-877-222-3737** pou pale ak pwofesyonè ki resevwa
fòmasyon pou sa

Asistans Legal

Pou yon lis avoka imigrasyon ki toupre w, ale sou
<https://www.justice.gov/eoir/file/probonofulllist/dl>

kalifikasyon pou benefis piblik (TANF, Medicaid, ak SNAP) gen ladan faktè finansye ak faktè ki pa
finansye, tankou estati imigrasyon ki elijib. Tanpri verifye kondisyon kalifikasyon yo anliy.

Pou aprann plis, tanpri gade Fèy Enfòmasyon ORR sou Benefis pou Antre Kiben/Ayisyen yo:
<https://www.acf.hhs.gov/orr/fact-sheet/benefits-cuban/haitian-entrants>

Pou plis enfòmasyon sou imigran Kiben ak Ayisyen yo nan New Jersey tanpri vizite sitwèb Biwo
Nouvo Ameriken New Jersey yo <https://www.NewAmericans.NJ.Gov>

Oswa ou kapab kontakte Ekip Refijye nou an nan NJRefugeeProgram@dhs.nj.gov

Aplikasyon fen pwogram CHNV la toujou ka chanje selon devlopman nan pwosè legal yo. Li enpòtan pou
verifye enfòmasyon ki ajou ki ka afekte dwa legal ou ak obligasyon ou yo.

Plis Enfòmasyon isit la:

